# «ҚОҢЫРАТ» ТОПОНИМИНИҢ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫ МӘСЕЛЕСИНЕ

**Толыбаева Нурзада Елбаевна**
*ҚМУ еркин излениўши*
nurzadatolibaeva40@gmail.com

**Аннотация**. *Соңғы ўақытта адамлар өзлери жасайтуғын көше, аўыл ямаса қалалардың аталыўына, қойылған атамалардың мәнисине, дурыс айтылыўы ҳәм жазылыўына үлкен қызығыўшылық ҳәм дыққат пенен қарамақта. Усыған байланыслы мақалада Қоңырат топониминиң келип шығыўы жөнинде пикирлер келтирилген.*

**Таяныш сөзлер:** *топоним, Қоңырат, этимология, этноним, жер-суў атамалары.*

**Аннотация**. *Сўнгги вақтларда инсонлар ўзлари яшайдиган кўча, қишлоқ ёки шаҳарларнинг номланишига, қўйилган номларнинг маъносига, тўғри талаффуз қилиниши ва ёзилишига катта қизиқич билан қарашмоқда. Шунга боғлиқ мақолада Қўнғирот топонимининг келиб чиқиши ҳақида фикрлар келтирилган*

**Таянч сўзлар:** *топоним, Қўнғирот, этимология, этноним, ер-сув номлари.*

**Аннотация**. *В последнее время люди проявляют большой интерес к названию улиц, сел или городов, в которых они живут, к значению, правильному произношению и написанию названий. В статье по этому поводу приводятся соображения о происхождении топонима Кунград.*

**Ключевые слова:** *топоним, Кунград, этимология, этноним, земельно-водные названия.*

**Annotation**. *Recently, people have been showing great interest in the names of streets, villages or cities in which they live, the meaning, correct pronunciation and spelling of names. In this regard, the article provides considerations on the origin of the toponym Kungrad.*

**Keywords**: *toponym, Kungrad, etymology, ethnonym, land and water names.*

Топонимика-ономастиканың жер-суў атамаларын изертлейтуғын бөлими. Топонимлер узақ дәўирдиң жемиси болып, ол тил тарийхы ҳәм тарийхый диалектология, соның менен бирге тарийх, этнография, география, археология, геология сыяқлы бир қатар илимлер ушын бай материаллар береди. Өйткени топонимлер белгили бир тарийхый дәўирдиң жәмийетлик жағдай ҳәм сиясый системаның жемиси саналады. Олар белгили бир райондағы халықтың дүнья карасы ҳәм сол орталыққа қатнасын көрсетеди. Сонлықтан географиялық атамаларды илимий жақтан үйрениў сол жерде жасаўшы халықтың тарийхы, турмысы, тили ҳаққында әҳмийетли ҳәм бай мағлыўматлар бериўи мүмкин.

Топонимлер белгили бир географиялық объекттиң жайласқан орнын ямаса биреўдиң жасайтуғын орнын аңлатады. Соның менен бирге, топонимлер сол жердиң

тәбийий-географиялық шараяты, сол жерде жасаған халықлардың тарийхы, этнографиясы, жәмийетлик турмыста жүз берген әҳмийетли ўақыялар ҳаққында бай мағлыўматлар береди.

Жер-суў атларын изертлеў, олардың пайда болыў тарийхын үйрениў бизге көп нәрселерди анықлаўға жәрдем береди. Себеби белгили бир аймақта жасаған халықлар, олардың урыў ҳәм қәўимлери ҳаққында, белгили бир мәмлекеттиң административлик шегарасы, сондай-ақ сол аймақта жасаған адамлардың үрп-әдети, кәсиби сыяқлы бир қатар факторларды анықлаўда әҳмийетли қурал болады. Топонимлер – халық тилиниң раўажланыўы басқышлары, онда пайда болған ҳәр түрли өзгерислерди анықлаўда тийкарғы материаллардан бири.

Топонимлер тәбият ҳәм жәмийеттеги белгили бир өзгерислер менен байланыслы ҳалда белгили бир нызамлылықлар тийкарында пайда болады. Топонимлердиң пайда болыўы ҳәм өзгериўи халықтың тарийхы менен тиккелей байланыслы. Топонимлер узақ дәўирлерден бери бар болып, халықтың турмысында жүз берген ўақыя ҳәм қубылыслардың атамасы сыпатында сақланып қалған.

Қарақалпақстан топонимлерине байланыслы айырым мағлыўматларды тарийхый-этнографиялық мийнетлерден ҳәм рус илимпазларының ҳәр қыйлы мақсетлерде Түркстан үлкесине еткен саяхатлары ҳәм экспедицияларының есапларынан алыўға болады.

В.В. Бартольд, А.В.Ошанин, С.П.Толстов, Я.Ғуламов, П.П.Иванов, Т.А.Жданко, Э.М.Мурзаев ҳәм басқа да бир қатар илимпазлардың мийнетлеринде де Қарақалпақстандағы көплеген атамалар ҳаққында бай мағлыўматлар ушырасады.

Қарақалпақстан топонимлерин үйрениўде қарақалпақ диалектологларының хызметлери үлкен. Олар өзлери изертлеген диалект ҳәм говорлардың тарқалған аўыл, қала атамалары ҳаққында, олардың этимологиясы жөнинде дәслепки пикирлерди билдиреди. Соңғы ўақытларда тилши илимпазларымыз республикада географиялық атамаларды изертлеўге үлкен әҳмийет бере баслады.

Илимпазлар тәрепинен топонимлерди лингвистикалық жобада анализ етиўге бағышланған айырым изертлеўлер пайда болды.

Қарақалпақстан тилши илимпазлары тек XX әсирдиң 60-жылларынан баслап ғана бул мәселе менен шуғыллана баслады. 1966-жылы Қ.Әбдимуратов тәрепинен Қарақалпақстан топонимлери тарийхый-лингвистикалық жобада кандидатлық диссертация жақланды. Оның 1965-жылы «Неге усылай аталған?» деген китабы қарақалпақ тилинде, соңынан бул китап рус тилинде басылып шықты. Буннан басқа да Қ.Әбдимуратовтың қарақалпақ топонимикасы мәселелери туўралы көплеген илимий мақалалары баспада жәрияланды.

Автор бул мийнетлеринде Қарақалпақстандағы топонимикалық атамалардың қурамы ҳәм қурылысын кең түрде изертлеп, оларға этимологиялық анализлер ислеген. Сондай-ақ, ол илимпазлардың мийнетлеринен кең түрде пайдалана отырып, көркем шығармалардан, халық аўзындағы аңыз-әңгимелерден мысаллар келтирген.

Қарақалпақстан топонимиясының айырым мәселелери О.Бекбаўловтың илимий мақалаларында да сөз етилди. Ол көбинесе Арал бойы жағаларындағы топонимлерге анализ берген.

Қарақалпақстан топонимикасында еле изертленилмей атырған мәселелер жүдә көп. Мәселен, Қарақалпақстандағы топонимлердиң дизимин алып, оларды ҳәр тәреплеме изертлеў, қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармаларындағы топонимлерди үйрениў, топонимикалық сөзликлерди дүзиў сыяқлы мәселелер алдағы ўақытта өз изертлениўин күтип тур.

Ономастика өткен әсирдиң 60-жылларынан баслап раўажлана баслаған тараўларынан бири. Ҳәзирге дейин қарақалпақ антропонимиясы ҳәм топонимиясын изертлеў бойынша бир қатар жумыслар әмелге асырылды.

Қарақалпақстан топонимлери улыўма тәризде Қ.Әбдимуратов тәрепинен изертленди. Деген менен, оның изертлеўлеринде, тийкарынан улыўма белгили болған топонимлер изертленген. Темаға байланыслы материаллардың ҳәммеси қамтып алынбаған. Қарақалпақстан топонимлери ҳәзирге дейин жетерли дәрежеде изертленилген емес.

Халықтың тарийхы, оның мәденияты ҳәм үрп-әдетлериниң көринислери усы топонимлерде өз көринисин тапқан. Қарақалпақ халқының турмыс-тәризи – шарўашылық, дийқаншылық, усташылық, тарийхый процеслер – көшип-қонысланыўлар қарақалпақ топонимиясына тәсирин тийгизген.

Халықтың жасаў ушын өзине қолайлы жер табыўы, сол жерге қоныс басыўы әҳмийетли орын тутқан. Солай етип, қоныс басқан орнына өз дүньяқарасы, өзине тән өзгешеликлери тийкарында ат бериўи жүз берген. Бул қубылыслар өз гезегинде топонимлердиң келип шығыўына тәсир тийгизген. Топонимлерди үйрениўде бәрше ушын улыўмалық изертлеў методлары ҳәм усыллары бола бермейди. Ол изертлеў объектине, жыйналған материаллардың қәсийетине, мақсет ҳәм ўазыйпаларға байланыслы болып келеди ҳәм излениўшиден жеке қатнасты талап етеди. Солай болса да, ономастикада меншикли атамаларды үйрениўдиң методологиясы, метод ҳәм усыллары, изертлеў аспектлери көрсетилген. Мәселен, toпонимист А.В. Суперанская ономастикалық материалларды анализлеўдиң он тоғыз түрли метод ҳәм усылларын көрсетеди [1, б. 198-214]. Өзбек топонимисти Т.Эназаров жети түрли анализлеў усылларын көрсетеди: 1) лингвистикалық таллаў ҳәм атама; 2) тарийхый таллаў ҳәм атамалар; 3) географиялық таллаў ҳәм географиялық объектлер атамалары; 4) геологиялық таллаў ҳәм геологиялық объектлер атамалары; 5) этнографиялық таллаў ҳәм меншикли атамалар; 6) психологиялық таллаў ҳәм атамалар; 7) философиялық таллаў ҳәм меншикли атлар(2). Al, bелгили топонимистлердиң бири В.А. Никонов топонимниң келип шығыўын анықлаўдағы мәселе туўралы былай деп жазады: «Ең дәслепки топоним»ди ҳеш ким билмейди ҳәм ҳеш қашан билмейди де. Бул илимниң әззилиги емес. Ондай емес. Олардың екинши атамадан басланғанынан емес, бәлки әпсаналар топонимияның қәлиплесиўин қандай да биреўдиң дөретиўшилиги

сыпатында сәўлелендирип бергени ушын, тийкарында бул мың жылллар даўам еткен процесс. Дәслеп, олар меншикли ҳәм ғалабалық атамаларды парықламады. … Олардың ажыралыўы кеширек жүз берди. Соған қарамастан, топонимикалық изертлеўлер ушын ашық болмаған әййемги дәўирлерде жүз берген» [3, б.28].

Ҳәзирги қарақалпақ топонимикаындағы тартыслы мәселелердиң бири – Қоңырат топониминиң келип шығыўы болып, сонлықтан биз, бул жумысымызда Қоңырат атамасының келип шығыўы мәселеси жөнинде сөз етиўди мақул деп таптық. Қоңырат атамасының келип шығыўы ҳаққында бир неше шамалаўлар бар. С. Абрамзон бул атаманың келип шығыўын усы қәуимдеги әскерлердиң қоңыр ат минип шығыўы менен байланыстырады1. Бурынғы аўқам дәурирнде ҳәттеки, Қоңырат сөзин Кунград деп қолланылыўына ҳәм айтылыўына қарай Кун ҳәм "град" ("град" компоненти көбирек, рус топонимлериниң қурамында ушырасып, қала мәнисин билдиреди) сөзлериниң қосылыўнан жасалған деген де пикирлер болды. Қазақ илимпазы А.Абдураҳманов Қазақстандағы Қоңырат топоними етнонимнен, етнонимниң өзи қоңыр реңли атты тотем деп билиў тийкарында жүзеге келгенлигин айтады2. Бундай халық этимологиясын қарақалпақ етнонимине де қоллаў мүмкин. Топонимлерди үйрениўдиң халықлық етимология тийкарында изертлеў усылы да бар. Лекин, бул этимология, халықтың көркем қыялын, қоршаған орталық туўралы дәслепки түсиниклерин билдиргенликтен бәрҳама туўры болып келе бермейди. Мәселен, қарақалпақ аўызеки дөретпелеринде «Қоңырат атаўы», «Қоңыр атлы адам» деген аңызларда Қоңырат топониминиң пайда болыўы жөнинде мағлыўматлар берилген. «Қоңырат атаўы» деп аталған аңызда – ҳәзирги Қоңыраттың орнын бурын суў басқан, бул жерде атаў болған. Сол атаўды суў басқанда қоңыр ат ҳәм тайы қалып қойған. Соннан баслап, ол жерди Қоңырат деп атаған. Кейин ала бул жерге халық келе баслаған екен.

Ал, «Қоңыр атлы адам» аңызында бул топонимниң келип шығыўын адам атына байланыстырады. Бурынғы ўақытта ҳәзирги Қоңыраттың аймағындағы халықта ашаршылық болып, сонда бир қоңыр ат минген адам пайда болып, ҳәр күни бир батпан дән әкелип халыққа үлестиреди екен. Халық сол қоңыр атлы адамның себебинен ашаршылықтан аман қалыпты. Соннан «Қоңырат» болған деседи. Деген менен, Қоңырат атамасы ҳаққында көпшилик илимпазлар жоқарыдағы етимологияға қосылмайды. Топонимист Т.Нафасов қоңырат сөзиниң етимонын монғолша керей (ғарға) сөзи менен байланыстырады. Оның пикиринше Қоңырат етнотопониминиң рең билдириўши қоңыр сөзине байланысы жоқ. Ол бул сөзди монғолша хун керей (қара ғарға) сөзлериниң қосылыўы: хун+керей+т>хункерейт>хункират>қоңырат деп түсиндиреди 3. Д.С.Насыров бул сөзди «қанғар, хун, қаңлы» сөзлери менен байланыстырып -ат компоненти көпликти билдиретуғынын көрсетеди4.

Ҳақыйқатында да, Қоңырат бул түркий халықларының көпшилигинде ушырасатуғын етноним. Ал, айырым изертлеўлерде оның Кун ҳәм град компонентлеринен туратуғынлығы ямаса қоңыр реңли атқа байланыстырыў –

буларды тереӊ илимий түрде қарастырыў керек. Бизиӊ пикиримизше, қаӊлы ямаса қаӊғар этнонимлерине байланыстырған дурыс. –ат, -ет елементлери ески түркий жазба естеликлеринде көпликти аӊлатыўшы қосымта болған. Ҳәзир де бул элементлер бар, мысалы, елат, көлат. Тийкарынан алғанда, географиялық атларды үйрениўде асығыслық етиўге болмайды, себеби топонимнен ҳәрқандай мәнини келтирип шығарыў мүмкин. Географиялық атлар жердиӊ қандай да бир қәсийетин, оның менен байланыслы тарийхый ўақыя-ҳәдийселерди өзинде жәмлеген әпиўайы сөз бенен сол жердиӊ шериклеси болып келеди. Сонлықтан, жер-суў атамаларының түбиринде халық өтмиши, турмысы, тили ҳәм усыған байланыслы басқа да көплеп сырларды асырап киятырған байлық болып табылады.

**Әдебиятлар:**

1. XVIII-XIX әсирлерде Орта Азияда қылынған экспедициялар ҳаққында қараӊыз: Обзор русских путешествий и экспедиций в Среднюю Азию. (1717-1886) вып 1-4, Ташкент, 1955-1971.

2. *Әбдимуратов Қ.* 1) Қарақалпақстан топонимикасы ҳәм оны изертлеў мәселелери. // «Әмиўдәрья», 1965, №2, 119-125-бетлер; 2) Структура каракалпакских топонимов. // СТ, 1971, №5, 85-88-бетлер ҳәм т.б.

3. *Бекбаўлов У.* 1) Топонимы Приаралья как источник изучения истории каракалпакского народа. // Вестник Каракалпакского филиала. АН Уз, 1970. №4, 60-65-бетлер; 2) Арал бойы топоними ҳәм этнотопоними ҳаққында. // Вопросы каракалпакского языкознания. Нукус, 1983, 198-208-бетлер.

4. Суперанская А.В. и др. Теория и методика ономастических исследований. –М., Издательство ЛКИ, 2007. -256 с.

5. Эназаров Т. ва бошқалар. Ўзбек номшунослиги. – Тошкент: Наврўз, 2015. - 224 б.

6. Никонов В.А. Введение в топонимику. –М., Издательство ЛКИ, 2011. - 184 с.

7. Әбдирахманов А. Топонимика және этимология. – Павлодар: 2010. 240 б. 8. Абрамзон С.М. К семантике киргизских этнонимов//Советская этнография. – М. –Л., 1946, №3. -С. 129

9. Нафасов Т. Ўзбекистон топонимларининг изоҳли луғати. –Т., 1988. -Б. 261-262